DIOCESE OF PALM BEACH
P.O. Box 109650
9995 North Military Trail,
Palm Beach Gardens, Florida 33410 - 9650
(561) 775-9595 | Fax (561) 775-7035
mjrodriguez@diocesepb.org

Office of The Diocesan Bishop

28 Oktòb 2026

Chè frè ak sè m yo nan Kris la,

Granmèt la rele nou pou nou mache ansanm ak moun ki nan bezwen yo, pou nou ofri yo espwa, diyite, ak konpasyon ki soti nan lafwa nou nan Jezikri. Nan tout Dyosèz Palm Beach la, *Catholic Charities* (Òganizasyon Karitatif Katolik) se yon temwayaj vizib misyon Levanjil sa a.
Catholic Charities sèvi moun toupatou nan Dyosèz nou an chak jou; li ede fanmi ki nan kriz, granmoun aje ki vilnerab, fanm ansent, timoun, moun kap soufri grangou oswa ki san kay, ansanm ak moun ki izole oswa ki nan prizon. Atravè divès sèvis li yo, *Catholic Charities* defann diyite chak lavi moun epi li rann lanmou konpasyonan Kris la prezan nan mitan nou.

Pou ranfòse misyon sa a, m ap mande chak pawas nan Dyosèz Palm Beach la pou yo patisipe nan Dezyèm Koleksyon Anyèl la pou *Catholic Charities*, nan wikenn 14-15 Novanm 2026 la. Nou chwazi wikenn sa a paske li tonbe toupre fèt Sent Elizabèt Ongri, sen patwòn *Catholic Charities*. Gwo lanmou li te genyen pou Kris la te parèt aklè nan fason enb li te sèvi pòv yo ak moun sosyete a te mete sou kote yo. Egzanp li ban nou an fè nou sonje ke charite se pa senpleman youn nan travay Legliz la; li se nan kè idantite nou antanke disip Jezi.

M ap envite nou sipòte koleksyon sa a avèk lapriyè, pou *Catholic Charities* ka kontinye pote espwa, gerizon, ak èd bay moun ki pi bezwen sa yo nan tout Dyosèz nou an.

Mèsi pou jan nou jere byen Bondye yo avèk fidelite, ak pou angajman nou anvè misyon Legliz la. Se pou Bondye beni nou menm ak fanmi nou yo anpil anpil.

Mwen asire nou ke m ap sonje nou nan selebrasyon Ekaristi a, epi m ap mande pou Vyèj Mari ki se Rèn Apot yo—entèsede pou nou, pou fanmi nou, ak pou moun n ap sèvi yo.

Avèk senserite nan Kris la,

+ Manuel

Monseyè Manuel de Jesús Rodríguez, J.C.D.
Evèk Palm Beach

NÒT POU KIRE YO: LI OBLIGATWA POU NOU PIBLIYE LÈT SA A NAN BILTEN PAWAS LA NAN YON MWATYE PAJ OSWA NAN YON PAJ ANTYE, NAN WIKENN 7-8 NOVANM. KOLEKSYON AP FÈT 14 AK 15 NOVANM 2026. NOU ENVITE LI LÈT POU PAWASYEN YO, EPI PIBLIYE L SOU REZO SOSYAL YO AK SOU SITWEB LEGLIZ LA, ANPLIS AK PIBLIYE L NAN BLTEN AN.